

M ap li nèt ale


Kaye Egzèsis Kreyòl

Tòm 2

Dezyèm
ane



USAID | **AYITI**
ÈD PÈP AMERIKEN



Ministère de l'Éducation Nationale
et de la Formation Professionnelle

M ap li nèt ale

Kaye Egzèsis Kreyòl

Tòm 2

(Leson 46- 95)

Non : _____

Siyati : _____

Klas : _____

Non lekòl la : _____

Dezyèm
ane

Remèsiman espesyal

Metòd « M ap li nèt ale » se rezilta èd pèp ameriken an bay Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) pa mwayen pwojè ToTAL (Tout Timoun Ap Li). Se RTI Entènasyonal k ap egzekite l pou USAID/ Ayiti.

Metòd « M ap li nèt ale, 2èm ane » a te jwenn konkou anpil moun pou l ka rive reyalize. Yo te pote kontribisyon yo nan konsepsyon ak elaborasyon materyèl la, nan fason yo te soutni travay la ak nan konsèy yo te bay. Se poutèt sa n ap remèsye espesyalman :

Moun ki te patisipe nan elaborasyon ak konsepsyon materyèl la :

- Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES, Spécialiste du développement des matériels de Créole, USAID/ RTI/ ToTAL
- Reginald Calixte BRICE, Educateur, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Jovanny VINCENT, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Standley KETAN, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Stéphanie-Ingrid R. MOLEON, Educatrice/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Walph Ferentzi YOYOU, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Marky JEAN-PIERRE, Consultant, RTI
- Emmanuel Michel BAZILE, Expert Linguiste, Ancien DG du MENFP, Consultant, USAID/ RTI (Editing)
- Pierre Michel LAGUERRE, Expert Linguiste, Ancien DG du MENFP, Consultant, USAID/ RTI (Editing)
- Jerry Rosembert MOISE et Mitchell Pierre, Illustrateurs, Consultants, USAID/ RTI/ ToTAL

Moun ki te soutni ak bay konsèy

- Loretta GARDEN, USAID
- Fabiola LOPEZ-MINATCHY, USAID
- Hervé JEAN-CHARLES, USAID
- Ronald JEAN-JACQUES, COP, RTI/ ToTAL
- Andrew JOHNSTON, DCOP, RTI/ ToTAL
- Mary DENAUW, Consultant, USAID/ RTI

- Laurette CUPIDON, Curriculum Development Manager, RTI/ ToTAL
- Josette GABOTON, Consultant, DEF/ EPT-BM
- Lionel HOGU, Consultant, DEF/ MENFP
- Françoise BENOÎT, DFP/ MENFP
- Zulda DUBOIS, DFP/ MENFP
- Volvick Germain CHARLES, Directeur, DEF/ MENFP
- Claudin SAINT- JOUR, Chef de service du Curriculum et formation, DEF, MENFP
- Jean Wilner Janvier (DEF/ MENFP)
- Chantal Roques (Consultante au MENFP)
- Claude Hebert Antoine (FONHEP)
- Jean Julien Ladouceur (CEEC)
- Jocelyne Trouillot (Université Caraïbe)
- Darline Alexis (Université Quisqueya)
- Charles Tardieu (Editions Zemès)

Moun ak lekòl ki te ede nan pilotaj pwogram nan

- Jean-Baptiste Michel BEL
- Filocie JEAN
- Roseline DORMÉUS
- Ezechias VILUS
- Damas AUGUSTIN
- Emmanuel FILIPPI
- Dieudonne JOSEPH
- Jean Daniel CLEDOR
- Alius JOSEPH

Ecole	Departement	Commune	Nom du directeur
Ecole Lumière Divine	Nord	Quartier Morin	Pierre Arnol
Ecole Nationale de Quartier Morin	Nord	Quartier Morin	Augustin Suza
Ecole Nationale Serge Luckecsy	Nord		Carole Antoine
Ecole Nationale Galman du Plat	Nord	Quartier Morin	Bernadette Magloire
Ecole Nationale Marcelin Prophète G. du Plat	Nord	Quartier Morin	Jasmine Magloire
Institut Scheche	Nord	Limonade	Modelaire Elminor
Ecole Maria Montessori	Nord	Limonade	Gesner Dieudonne
Ecole Eben-Ezer de Limonade	Nord	Limonade	P. Jecton Cerant
E.N.A.L.M Sabanon	Nord	Limonde	Jany Charles
Collège Evangélique Nouvelle Espérance	Nord	Limonde	René Julcoeur
Oeuvre humanitaire de Bois de Lance	Nord	Limonade	Décès Bien-Aimé
Ecole Nationale Eudes Jn Baptiste	Nord	Limonade	Jean Marie Charles
Ecole Nationale Claudius Codada	Nord	Limonade	Obéi Tony
Ecole Nationale de Cahess	Nord-Est	Caracol	Morisseau Augustin
S.E.H	Nord-Est	Caracol	Jean Mirvil
Rayaume des Petits	Nord_Est	Trou du Nord	Marseille Vernet
Ecole Nationale Jn Price Mars	Nord-Est	Trou du Nord	Eline Saint-Cléris
Ecole Nationale de Garcin	Nord-Est	Trou du Nord	Pierre Harry Jean Baptiste
Ecole Nationale de Devarenes	Nord-Est	Trou du Nord	Ida Fénéus
Collège Eben-Ezer de Trou-du-Nord	Nord-Est	Trou du Nord	Fellippe Elie
Nationale de Pister	Nord	Limonade	Moise Lesly

Sa ki nan liv la

Leson 46	2	Leson 71	57
Leson 47	4	Leson 72	59
Leson 48	6	Leson 73	61
Leson 49	8	Leson 74	63
Leson 50	11	Leson 75	65
Leson 51	13	Leson 76	67
Leson 52	15	Leson 77	69
Leson 53	17	Leson 78	71
Leson 54	19	Leson 79	73
Leson 55	21	Leson 80	75
Leson 56	24	Leson 81	77
Leson 57	27	Leson 82	80
Leson 58	29	Leson 83	82
Leson 59	31	Leson 84	84
Leson 60	33	Leson 85	86
Leson 61	36	Leson 86 Revizyon	89
Leson 62	38	Leson 87 Revizyon	93
Leson 63	40	Leson 88 Revizyon	95
Leson 64	42	Leson 89 Revizyon	97
Leson 65	44	Leson 90 Revizyon	99
Leson 66	47	Leson 91 Revizyon	101
Leson 67	49	Leson 92 Revizyon	103
Leson 68	51	Leson 93 Revizyon	105
Leson 69	53	Leson 94 Revizyon	107
Leson 70	55	Leson 95 Revizyon	108

Leson 46

1. Fè yon flèch soti nan gwoup mo nan kolòn agòch (A) pou relye gwoup mo nan kolòn adwat (B) pou fòme fraz ki gen sans. Apre sa, ekri chak fraz nou fòme sou liy kaye a.

A

1. Sè Kristèl la •
2. Gen anpil •

B

- taksi nan estasyon an.
- konn ranje machin.
- gen twa moun ladann.


2. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

3. Fè yon fraz ak chak mo sa yo.

chofè : _____

taksi : _____

4 (Aktivite bonis). Gade desen sa yo byen. Apre sa, fè yon kwa sou tout sa ki kouri vit menm jan ak yon taksi.



Leson 47

1. Fè yon flèch soti nan gwoup mo nan kolòn agòch (A) pou relye gwoup mo nan kolòn adwat (B) pou fòme fraz ki gen sans. Apre sa, ekri chak fraz nou fòme sou liy kaye a.

A

1. Pipo ap jwe •
2. Peryòd vakans •

B

- mayi ak mango.
- marèl nan lakou a.
- se bèl epòk.

Leson 47

2. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

3. Ekri nan bwat la tout jwèt ou renmen fè.

4. (Aktivite bonis). Mete lèt yo nan lòd pou fòme yon mo ou konnen.

r - l - a - m - è : _____

l - a - p - j : _____

Leson 48

1. Fè yon flèch soti nan gwoup mo nan kolòn agòch (A) pou relye gwoup mo nan kolòn adwat (B) pou fòme fraz ki gen sans. Apre sa, ekri chak fraz nou fòme sou liy kaye a.

A

1. Kiki ak Rejàn •
2. Peyi d Ayiti •

B

- se peyi tout ayisyen.
- Desalin, Kristòf, Tousen.
- renmen Ayiti anpil.

Leson 48

2. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

3. Chwazi youn nan gwoup mo sa yo pou konplete chak fraz.

Anglè yo

Endyen yo

Espanyòl yo

Moun nan Nò

a. _____ te sòti nan peyi Espay.

b. _____ se premye gwoup moun ki t ap viv nan peyi Ayiti.

4. (Aktivite bonis). Fè yon fraz ak chak mo sa yo.

espanyòl : _____.

endyen : _____.

Leson 49

1. Fè yon flèch soti nan gwoup mo nan kolòn agòch (A) pou relye gwoup mo nan kolòn adwat (B) pou fòme fraz ki gen sans. Apre sa, ekri chak fraz nou fòme sou liy kaye a.

A

1. Ti frè Zavye a •
2. Kaye a •

B

- gen desen ladan li.
- pa janm jwe ak alimèt.
- larivyè a.

Leson 49

2. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

3. Ekri kèk bagay ou ka achte nan yon *boutik*.

Boutik
<hr/>
<hr/>
<hr/>
<hr/>
<hr/>

Leson 49

4. (Aktivite bonis). Nan ki okazyon ou ka fè yon moun *konpliman*. Pase yon trè anba chak bon repons.

- lè yon timoun travay byen lekòl
 - lè yon timoun ap dòmi
 - lè yon jwè fè yon gòl
 - lè yon mizisyen byen jwe
 - lè yon timoun ap pale anpil
 - lè yon timoun ede paran li
-

Leson 50

1. Fè yon flèch soti nan gwoup mo nan kolòn agòch (A) pou relye gwoup mo nan kolòn adwat (B) pou fòme fraz ki gen sans. Apre sa, ekri chak fraz nou fòme sou liy kaye a.

A

1. Poul yo •
2. Jaden an •

B

- gen 2 pye mango nan mitan l.
- rekòt mayi ak pwa.
- ap manje grenn mayi yo.

Leson 50

2. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

3. Nan chak ka, souliye mo ki gen menm sans ak mo yo pwopoze yo.

Egzanp :

Kontan, gete : Lajwa Fache Tris

A. Pwoblèm, difikilte : Pasyans Plante Traka

B. Dousman, kal, poze : Marèl Dosil Eksite

4 (Aktivite bonis). Fè yon fraz ak chak mo sa yo.

plante : _____.

pasyans : _____.

Leson 51

1. Ranje mo yo pou fòmè yon fraz.

A. mache., Jilyo, nan, ale, Manman

B. lakou, a. Dyela, jwe, nan, ap

Ch. cheval., renmen, Sennsya, galope

2. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

Leson 51

3. Chwazi youn nan mo sa yo pou konplete chak fraz.

pri diri lajan sak remèd

- a. Jibison al nan mache. Li mete pwovisyon yo nan _____ la.
- b. Machann nan mande 10 goud pou zaboka a. Ivta bay 5 goud pou li. Ivta konn bay _____.
-

4 (Aktivite bonis). Si ou gen yon sak, ki sa w ap mete ladan l ? Ekri 4 bagay ou ta renmen mete nan sak la.

Leson 52

1. Ranje mo yo pou fòmè yon fraz.

A. wè, li., Wozlin al, matant

B. ti fi, vanyan. , yon, Wozna se

Ch. soufle, an, fò., ap, Van

2. Ekri fraz yo sou liy kaye a.


Leson 52

3. Mete lèt yo nan lòd pou fòmme yon mo nou konnen.

k d a o : _____

p e o u p : _____

4. (Aktivite bonis). Nan bwat anba a, desine yon *kado ou ta renmen genyen*.



Leson 53

1. Ranje mo yo pou fòmme yon fraz.

A. sirèt, Richa. yon, pote, Jòj, pou

B. bon, Sandra, se, Edna, zanmi., ak

Ch. jwe, ak, li, yo., zanmi, Lenò
ap, foutbòl

2. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

Leson 53

3. Fè yon fraz ak chak mo sa yo.

salon : _____

mabouya :

4. (Aktivite bonis). Nan chak bwat, genyen yon gwoup mo. Chak gwoup mo sa yo se yon pati nan yon fraz. Ekri gwoup mo yo nan lòd pou fòm fraz la. Sonje fraz la dwe gen sans.

manman li

netwaye salon an.

Woje pwomèt

I ap toujou

Leson 54

1. Ranje mo yo pou fòmme yon fraz.

A. bon, Antant, se, yon, bagay.

B. chat, debake, nan, la., Konpè, fèt

Ch. Okap. Te, bèl, vil, fèt, nan, gen

2. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

3. Sèke tout fraz ki pa mache ak sans mo rekonsilyasyon.

- Yon moun ki fache ak yon lòt moun.
 - Yon moun ki ap bay blag ak yon lòt moun.
 - Yon moun ki fè kont ak yon lòt moun.
 - Yon moun ki antann li ak yon lòt moun.
 - Yon moun ki renmen batay.
-

4. Fè yon fraz ak mo *kominote*.

kominote : _____

Leson 55

1. Ranje mo yo pou fòmè yon fraz.

A. espò., Richa, fè, Jozèf, mennen

B. konkou, Leyàn, karate, a., nan
chanpyon

Ch. lanmè a., Anpil, kouri, moun, bò, ap

2. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

Leson 55

3. Fè yon flèch soti nan chak mo ki nan kolòn agoch (A) pou rive nan definisyon pa li nan kolòn adwat (B).

A	B
1. Rekonsilyasyon •	• Sa yon moun ofri yon lòt moun
2. Pwomèt •	• Pati nan yon kay ki sèvi pou resevwa vizitè.
3. Salon •	• Tounen byen ak yon moun ou te lènmi.
4. Kado •	• Kote nan kay yo fè manje.
	• Bay garanti, asire yon bagay

Leson 55

4. (Aktivite bonis). Ekri sou liy nan non kèk espò ou konnen.

Handwriting practice lines consisting of four sets of three horizontal lines (top solid, middle dashed, bottom solid).

Leson 56

1. Sèke bon repons la pou fòmè yon mo. Apre sa, ekri mo a sou liy la.

Egzamp : bouton

nen

nan

boutonnen

nin

A. gran

li

dèt

fe

B. vwazin

aj

al

ekl

Leson 56

2. Reponn kesyon sou istwa ou te koute a. Ekri repons yo sou liy kaye a.

A. De kilès istwa a pale ?

B. Pou ki maladi yo konn mete konprès ?

Leson 56

3. Dapre tèks la, pase yon trè anba bon repons la. Apre sa, ekri repons la sou liy la.

A. Marenn Jilyèt rele _____.

Mari, Nikòl, Dadou

B. Jilyèt fè yon _____ pou marenn li.

vè ji, konprès, bèl wòb

Ch. Dadou di : Jilyèt se yon _____.

kado lanati, ti fi dezòd, doktè

4. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

Leson 57

1. Sèke bon repons la pou fòmè yon mo. Apre sa, ekri mo a sou liy la.

- A. bon ye
 gi _____
 te
- B. saj ay
 is _____
 ès

2. Reponn kesyon sou tèks ou te li a. Ekri repons yo sou liy kaye a.

A. Ki kote madansara yo soti ?

B. Pou ki sa ou dwe pwoteje zwazo yo ?

Leson 57

3. Dapre tèks la, pase yon trè anba bon repons la. Apre sa, ekri repons la sou liy la.

A. _____ yo manje mayi Kalo yo.

Timoun, Madansara Poul

B. Kalo te _____ zwazo yo.

touye, manje, pouse

Ch. Kalo panse zwazo yo _____.

pa merite viv, gen plas yo sou latè, nuizib

4. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

Leson 58

1. Sèke bon repons la pou fòmme yon mo. Apre sa, ekri mo a sou liy la.

A. pasaj on
 in _____
 è

B. kamyon ot
 èt _____
 èl

2. Reponn kesyon sou tèks ou te li a. Ekri repons yo sou liy kaye a.

A. De kilès istwa a pale ?

B. Ki jan de moun ou panse li ye ?

Leson 58

3. Dapre tèks la, pase yon trè anba bon repons la. Apre sa, ekri repons la sou liy la.

A. Fedlè ta pral vizite _____ .

Jeremi, Okap, Lagonav

B. Li monte yon _____ .

bis, taksi, vwalye

Ch. Men anpil, chay _____ .

lou anpil, pa lou, plen mango

4. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

Leson 59

1. Sèke bon repons la pou fòmè yon mo. Apre sa, ekri mo a sou liy la.

A. pwòp

ze

te

ga

B. boulon

nen

ten

gen

2. Reponn kesyon sou tèks ou te li a. Ekri repons yo sou liy kaye a.

A. De kilès istwa a pale ?

B. Pou ki sa ou dwe kenbe sous dlo yo pwòp ?

Leson 59

3. Dapre tèks la, pase yon trè anba bon repons la. Apre sa, ekri repons la sou liy la.

A. Mina al pran dlo nan _____.

lanmè a, rivyè a, sous la

B. Li mande mèt cheval la pou l _____
cheval la bò sous la.

mare, demare, mennen

Ch. Mina vle _____ sous la.

detwi, pwoteje, sal

4. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

Leson 60

1. Sèke bon repons la.

A. Sous vle di :

Moun ki posede yon bagay,
Kote dlo soti nan tè a, Marenn

B. Endependans vle di :

Yon peyi ki mèt tèt li,
Moun ki chita nan yon machin, Komite

Ch. Zansèt vle di :

Pwovèb, Sifas plat anbeton,
Moun ki fonde peyi nou

Leson 60

2. Reponn kesyon sou istwa ou te koute a. Ekri repons yo sou liy kaye a.

A. Ki kote Natan, Jid ak Ani te ale ?

B. Ki sa yo te wè lè yo te rive ?

3. Dapre istwa a, pase yon trè anba bon repons la. Apre sa, ekri repons la nan espas vid la.

A. Dat anivèse lanmò Desalin se _____.

17 oktòb 17 Septanm 17 Desanm

B. Nadin ale vizite _____.

fò Libète fò Jak fò Dèplaton

Ch. Nou dwe _____ sa zansèt nou fè.

bliye respekte kraze

Leson 60

4. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

Handwriting practice lines consisting of solid top and bottom lines with a dashed middle line for ascenders.

Leson 61

1. Nan lis mo ki anba a, ekri nan bis la tout mo ki mache ak dodin.

balanse


sote

dodine

mache

kadanse

kouri



2. Reponn kesyon sou istwa ou te li a. Ekri repons yo sou liy kaye a.

A. De kilès istwa a pale ?

B. Pou ki sa timoun yo renmen ale kay pè Katò ?

Leson 61

3. Dapre istwa a, pase yon trè anba bon repons la. Apre sa, ekri repons la sou liy la.

A. Lepè toujou chita sou yon _____.

ban, dodin, tèt mi

B. Bon non Lepè se _____.

Kaliks, Kanndi, Katò

Ch. Li se yon gwo _____ pou zòn nan.

richès, plantè, Lepè

4. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

Leson 62

1. Ekri nan bwat la 4 objè ki genyen nan yon kizin.

Kizin	
•	recho
•	_____
•	_____
•	_____

2. Reponn kesyon sou istwa ou te koute a. Ekri repons yo sou li kaye a.

A. Pou ki sa Vensan tonbe kriye ?

B. Pou ki sa ou panse li enpòtan pou mete lòd nan zafè ou ?

Leson 62

3. Dapre istwa a, ekri *V* si repons la *Vre* (repons la bon), *PV* si repons la *Pa Vre* (repons la pa bon).

A. Vensan gen lòd ak disiplin. _____

B. Tout liv Vensan gaye toupatou. _____

Ch. Li toujou bon pou yon moun gen zafè li degaye. _____

D. Lòd ak disiplin vin bon zanmi Vensan.

4. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

Leson 63

1. Ekri nan bwat la 2 vesò ou konn itilize pou mete manje.

Vesò
• bonm
• _____
• _____

2. Reponn kesyon sou istwa ou te li a. Ekri repons yo sou liy kaye a.

A. De ki bèt istwa a pale ?

B. Ki sa ou konn pataje ak zanmi ou yo ?

Leson 63

3. Dapre istwa a, ekri *V* si repons la *Vre* (repons la bon), *PV* si repons la *Pa Vre* (repons la pa bon).

A. Tit istwa a se konpè rat. _____

B. Li pa enpòtan pou nou pataje ak lòt yo.

Ch. Vye rat pa te gen anpil laj. _____

D. Li enpòtan pou nou viv byen ansanm.

4. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

Leson 64

1. Yo itilize twonpèt pou fè mizik. Ekri nan bwat la 3 lòt enstriman yo konn itilize pou fè mizik.

Enstriman	
•	_____
•	_____
•	_____

2. Reponn kesyon sou istwa ou te koute a. Ekri repons yo sou li kaye a.

A. De kilès istwa a pale ?

B. Pou ki sa ou dwe viv byen ak vwazinay ou ?

Leson 64

3. Dapre istwa a, pase yon trè anba bon repons la. Apre sa, ekri repons la nan espas vid la.

A. Vaval ap aprann jwe _____.

tanbou, gita, twonpèt

B. Li ta renmen vin yon gwo _____.

foutbolè, mizisyen, mekanisyen

Ch. Lè yon moun ap viv nan yon zòn, li

_____.

ka fè sa li vle, li pa ka fè sa li vle,

ka deranje tout moun

4. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

Leson 65

1. Sèke bon repons la.

A. Bouk vle di :

Yon ti lokalite, Chèf zòn nan,
Chèz ki fèt anbwa

B. Kizin vle di :

Yon balon, Kote yo fè manje,
Kote resevwa vizitè

Ch. Lapli vle di :

Dlo ki sot nan nyaj, Dlo ki sot nan sous,
Dlo ki sot nan tè

Leson 65

2. Reponn kesyon sou istwa ou te koute a. Ekri repons yo sou liy kaye a.

A. Pou ki sa Fedya te kontan ?

B. Pou ki sa ou dwe renmen li ?

3. Dapre istwa a, ekri V si repons la Vre (repons la bon), PV si repons la Pa Vre (repons la pa bon)

A. Ti fi a rele Kala. _____

B. Li ale lekòl anba lapli a. _____

Ch. Li renmen li. _____

Leson 65

4. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

Handwriting practice lines consisting of two sets of three horizontal lines each. Each set includes a solid top line, a dashed middle line, and a solid bottom line.

Leson 66

1. Nan lis mo sa yo, pase trè anba mo ki pa yon veso.

bokit

sak

asyèt

bonm

2. Reponn kesyon sou istwa ou te koute a. Ekri repons yo sou li kaye a.

A. De kilès istwa a pale ?

B. Pou ki sa ou dwe ede bèt yo ?

Leson 66

3. Dapre istwa a, pase yon trè anba bon repons la. Apre sa, ekri repons la nan espas vid la.

A. Ana al pran dlo nan yon _____.

sous, pi, kannal

B. Te gen yon _____ ladan l.

zwazo, pwason, tòti

Ch. Li enpòtan pou nou _____ bèt yo.

maltrete, ede, detwi

4. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

Leson 67

1. Nan lis mo sa yo, pase trè anba mo ki pa gen menm sans ak mo lizaj.

sajès

malelve

respè

politès

2. Reponn kesyon sou istwa ou te koute a. Ekri repons yo sou li kaye a.

A. Ki jan yo rele ti gason ki respekte tout moun nan katye a ?

B. Ki sa ou konn fè pi byen ?

Leson 67

3. Dapre istwa a, pase yon trè anba bon repons la. Apre sa, ekri repons la nan espas vid la.

A. Fednè ap viv nan katye _____.

Bòlòs, Dereyal, Louvèti

B. Li _____.

respekte moun, pa respekte moun, san lizaj

Ch. Tout moun nan katye a _____
Fednè.

pa renmen, renmen, pa konprann

4. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

Leson 68

1. Fè yon flèch soti nan chak mo ki nan kolòn agoch (A) pou rive nan definisyon pa li nan kolòn adwat (B).

A

1. Izin •
2. Lizaj •

B

- Sajès oswa politès
- Veso ak lans ki souvan sèvi pou pote dlo
- Kote yo fabrike yon pwodui an kantite

2. Reponn kesyon sou istwa ou te koute a. Ekri repons yo sou li kaye a.

A. De kilès istwa a pale ?

B. Pou ki nou panse Kifkif se yon moun ki responsab ?

Leson 68

3. Dapre istwa a, ekri *V* si repons la *Vre* (repons la bon), *PV* si repons la *Pa Vre* (repons la pa bon).

A. Kifkif se yon machann zoranj. _____

B. Kifkif pa achte glas sal. _____

Ch. Li se yon moun responsab. _____

D. Li pwoteje sante elèv yo. _____

4. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

Leson 69

1. Fè yon flèch soti nan chak mo ki nan kolòn agoch (A) pou rive nan definisyon pa li nan kolòn adwat (B).

A

1. Kòdonye.
2. Lekti •

B

- Ranje soulye ak sandal
- Li sa ki ekri.
- Dlo ki sot nan nyaj yo.

2. Reponn kesyon sou istwa ou te li a. Ekri repons yo sou liy kaye a.

A. De kilès istwa a pale ?

B. Pou ki sa li enpòtan pou yon moun aprann yon metye ?

Leson 69

3. Dapre istwa a, ekri *V* si repons la *Vre* (repons la bon), *PV* si repons la *Pa Vre* (repons la pa bon).

A. Bòs Danyèl ranje valiz Medlin nan.

B. Kòdonye pa metye. _____

Ch. Bòs Danyèl itil moun nan zòn nan.

4. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

Leson 70

1. Fè yon flèch soti nan kolòn agoch (A) pou rive nan kolòn adwat (B) pou fòme yon mo ou konnen.

A

1. Kons •
2. Ka •
3. Kòdo •

B

- nye
- ta
- li
- zèk

2. Reponn kesyon sou istwa ou te li a. Ekri repons yo sou liy kaye a.

A. De kilès istwa a pale ?

B. Pou ki sa li enpòtan pou nou antann nou ?

Leson 70

3. Dapre istwa a, pase yon trè anba bon repons la. Apre sa, ekri repons la nan espas vid la.

A. Filibè se yon _____.

ebenis, doktè, kazèk

B. L ap travay nan seksyon kominal.

Malik, Kawouk, Bawouk

Ch. Li ankouraje sitwayen yo pou yo
_____.

antann yo, fè kont, fè dega

4. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

Leson 71

1. Ekri yon fraz ki gen chak mo sa yo.

Kontanple : _____

Plimay : _____

2 Koute ti moso istwa a. Apre sa, ekri nan chak bwat non moun, non bèt, non kote, non objè ak pwonon ou koute nan ti moso istwa a.

Non moun :	Non kote :
Non bèt :	Non objè :
Pwonon yo :	

3. Ekri pwonon li sou chak liy.

Yon apremidi, Titin te chita anba pye mango ki nan lakou a. _____t ap grennen mayi. Se konsa, Titin wè yon tako vin poze sou yon branch mango. Yon lòt ti moman, Titin simen mayi atè a. Tako a desann. _____ manje anpil mayi.

Leson 72

1. Ekri yon fraz ki gen chak mo sa yo.

Kokad : _____

Drapo : _____

2 Li ti moso istwa a. Apre sa, ekri nan chak bwat non moun, non bèt, non kote, non objè ak pwonon ou li nan ti moso istwa a.

Nadin leve bonè. Li mete kokad ble, pantalon blan, mayo wouj. Nadin ale nan fèt drapo. Sou wout la, lapli mouye Nadin. Li pa kontan.

Non moun :	Non kote :
Non bèt :	Non objè :
Pwonon yo :	

3. Mete Nadin nan plas pwonon li. Ekri Nadin sou chak liy.

Nadin leve bonè. _____ mete kokad ble, pantalon blan, mayo wouj. Nadin ale nan fèt drapo. Sou wout la, lapli mouye Nadin. _____ pa kontan.

4. Repons kesyon an sou liy kaye a.

Pou ki sa daprè ou, ou dwe respekte drapo a ?

Handwriting practice lines consisting of four sets of three horizontal lines each (top solid, middle dashed, bottom solid).

Leson 73

1. Ekri yon fraz ki gen chak mo sa yo.

Toupi : _____

Teknik : _____

2 Koute ti moso istwa a. Apre sa, ekri nan chak bwat non moun, Non bèt, non kote, non objè ak pwonon ou koute nan ti moso istwa a.

Non moun :	Non kote :
Non bèt :	Non objè :
Pwonon yo :	

3. Ekri pwonon li sou chak liy.

Yon jou, Prima te vle aprann fè machin.

_____ pran kèk bwat mamit vid.

_____ ale kote bòs Didi. San pèdi tan

Bòs Didi aprann li tout teknik ki nesesè. Yon ti tan apre, Bòs Didi kontan wè jan Prima fè bèl machin.

4. Reponn kesyon an sou liy kaye a.

Pou ki sa li bon pou ou pataje sa ou konnen ak
lòt yò ?

Leson 74

1. Ekri yon fraz ki gen chak mo sa yo.

Pèp : _____

Fatra : _____

2. Li ti moso istwa a. Apre sa, ekri Nan chak bwat non moun, non bèt, non kote, non objè ak pwonon ou li nan ti moso istwa a.

Yon jou, Estela wè yon ti gason vin jete fatra nan lari a. Estela di ti gason an : « Retounen ak fatra a. Lari a dwe rete pwòp. » Li koute Estela. Li pwomèt sa p ap rive ankò.

Non moun :	Non kote :
Non bèt :	Non objè :
Pwonon yo :	

3. Mete ti gason nan plas pwonon li. Ekri ti gason an sou chak liy.

Yon jou, Estela wè yon ti gason vin jete fatra nan lari a. Estela di ti gason an : « Retounen ak fatra a. Lari a dwe rete pwòp. » _____ koute Estela. _____ pwomèt sa p ap rive ankò.

4. Reponn kesyon an sou liy kaye a.

Pou ki sa ou dwe kenbe lari a pwòp ?

Four sets of handwriting practice lines, each consisting of a solid top line, a dashed middle line, and a solid bottom line.

Leson 75

1. Fè yon flèch soti nan chak mo ki nan kolòn agoch (A) pou rive nan definisyon pa li nan kolòn adwat (B).

A	B
1. Asowosi •	•Kote yo resevwa vizitè
2. Drapo •	• Yon maladi
3. Salon •	• Senbòl ak koulè yon gwoup oswa yon peyi
4. Malarya •	

2. Koute ti moso istwa a. Apre sa, ekri nan chak bwat non moun, non bèt, non kote, non objè ak pwonon ou koute nan ti moso istwa a.

Non moun :	Non kote :
Non bèt :	Non objè :
Pwonon yo :	

3. Ekri pwonon li sou chak liy.

Nan komin Dezam, gen yon granmoun ki rele Tisavyen. _____ gen bab blanch. Tisavyen toujou ap mache ak yon baton. Menm lè Tisavyen granmoun anpil, _____ toujou fè jaden patat. Tout moun nan zòn nan rekonèt patat Tisavyen se pi bon patat.

4. Reponn kesyon yo sou liy kaye a.

A. Pou ki sa yon moun dwe toujou ede lòt ?

B. Ki jan ou panse ou ka ede yon zanmi ou ki pa fè mwayèn li ?

Leson 76

1. Ekri yon fraz ki gen chak mo sa yo.

Lwen : _____

Bonè : _____

2. Li ti moso istwa a. Apre sa, ekri nan chak bwat non moun, non bèt, non kote, non objè ak pwonon ou li nan ti moso istwa a.

Klodèt toujou reveye bonè pou li ale lekòl. Lekòl la lwen anpil. Yon jou, Klodèt di: «Manman lekòl sa a twò lwen. Mwen p ap ale ankò .»

Non moun :	Non kote :
Non bèt :	Non objè :
Pwonon yo :	

3. Mete Klodèt nan plas pwonon li ak mwen. Ekri Klodèt sou chak liy.

Klodèt toujou reveye bonè pou _____
ale lekòl. Lekòl la lwen anpil. Yon jou, Klodèt di :
« Manman lekòl sa a twò lwen. _____
p ap ale ankò. »

4. Reponn kesyon an sou liy kaye a.

Pou ki sa daprè ou Klodèt dwe bay lekòl enpòtans ?

Blank writing area with multiple sets of horizontal lines (solid top and bottom, dashed middle) for student response.

Leson 77

1. Ekri yon fraz ki gen chak mo sa yo.

Nasyonal : _____

Modèl : _____

2. Koute ti moso istwa a. Apre sa, ekri nan chak bwat non moun, non bèt, non kote, non objè ak pwonon ou koute nan ti moso istwa a.

Non moun :	Non kote :
Non bèt :	Non objè :
Pwonon yo :	

3. Ekri pwonon li sou chak liy.

Leya se pwofesè dezyèm ane nan lekòl nasyonal Koray. _____ ta renmen tout timoun yo konn li ak ekri byen. Se poutèt sa, Leya pa janm rate yon jou travay. Madi apremidi, Leya mouye nan lapli. Sa lakòz _____ anwe. Leya pa ka pale.

4. Reponn kesyon an sou liy kaye a.

Pou ki sa Leya se yon bon pwofesè ?

Handwriting practice lines consisting of three sets of four lines each (top solid, middle dashed, bottom solid, and a final solid line).

Leson 78

1. Ekri yon fraz ki gen chak mo sa yo.

Lafyèv : _____

Malarya : _____

2. Li ti moso istwa a. Apre sa, ekri nan chak bwat non moun, non bèt, non kote, non objè ak pwonon ou koute nan ti moso istwa a.

Jodi a, Ivèt gen yon gwo lafyèv. Papa Ivèt ba li te asowosi. O ! lafyèv la la pi rèd. Papa Ivèt kouri mennen li lopital. Doktè a di Ivèt gen malarya.

Non moun :	Non kote :
Non bèt :	Non objè :
Pwonon yo :	

3. Mete Ivèt nan plas mo li. Ekri Ivèt sou chak liy.

Jodi a, Ivèt gen yon gwo lafyèv. Papa Ivèt ba _____ te asowosi. O ! lafyèv la la pi rèd. Papa Ivèt kouri mennen _____ lopital. Doktè a di Ivèt gen malarya.

Leson 79

1. Ekri yon fraz ki gen chak mo sa yo.

Kondisip : _____

Bibliyotèk : _____

**2. Nan chak bwat, genyen yon gwoup mo.
Chak gwoup mo sa yo se yon pati nan yon fraz.
Ekri gwoup mo yo nan lòd pou fòmè fraz la.
Sonje fraz la dwe gen sans.**

nan bibliyotèk la.

Chantal ak kondisip li

ap li

3. Nan chak fraz, sèke detèminan posesif la.

Egzanp : Janèt mete inifòm (li)

A. Pòl al pale ak kondisip li.

B. Annsi mete bèl pantalon li.

Ch. Dana ap lave jip li.

4. Reponn kesyon yo sou liy kaye a.

A. Pou ki sa ou di Pòl se yon bon elèv ?

B. Pou ki sa li bon pou elèv ale li nan bibliyotèk ?

Leson 80

1. Fè yon flèch soti nan chak mo ki nan kolòn agoch (A) pou rive nan definisyon pa li nan kolòn adwat (B).

A	B
1. Konsidip •	• douvanjou, granmmaten
2. Lafyèv •	• baton an bwa
3. Bonè •	• kò moun cho anpli • elèv ki nan menm klas

2. Chwazi youn nan mo sa yo pou konplete chak fraz.

rekòt lapli kominote loray

a. Tan an mare. _____ ap gwonde.

b. Ane sa a, Pè Jòda fè yon bèl _____
diri.

Leson 80

3. Nan chak fraz, sèke detèminan posesif la.

A. Rita ak Jaki leve je yo gade syèl la.

B. Magali ak Lola ap ekri nan kaye yo.

Ch. Toma ak Dyefis ap jwe ak mab yo.

4. Reponn kesyon an sou liy kaye a.

Dapre ou ki pwoblèm ki ka genyen si lapli pa janm tonbe ?

Leson 81

1. Chwazi youn nan gwoup mo sa yo pou konplete chak fraz.

brital fanatik bonè sèvis rekòt

a. Grann Eliz toujou di timoun yo pa fè jwèt

_____.

b. Fanèl renmen rann kondisip li yo

_____.

2. Ekri yon fraz ki gen chak mo sa yo.

brital : _____

sèvis : _____

Leson 81

3. Sèke bon repons la. Apre sa, ekri l nan espas vid la.

A. Edga gen yon ti frè. Li toujou ede ti frè

_____.

yo mwen li

B. Ina achte yon zaboka. Li manje zaboka
_____ byen manje.

nou li yo

Ch. Magerit ak Elan gen bekàn. Yo renmen monte
bekàn _____ nan lakou a.

yo nou li

4. Reponn kesyon an sou liy kaye a.

Pou ki sa nou ka di manman Anòl se yon
madanm ki saj ?

Handwriting practice lines consisting of solid top and bottom lines with a dashed middle line. There are five sets of these lines provided for writing the answer.

Leson 82

1. Ekri yon fraz ki gen chak mo sa yo.

kannòt : _____

filè : _____

2. Sèke mo ki endike yon objè ki ka rete sou dlo.

bato wòch vwalye chaloup fè kannòt

3. Sèke bon repons la. Apre sa, ekri li nan espas vid la.

A. Fayo ak Renan gen anpil kabrit. Yo gade kabrit _____ nan yon gwo patiraj.

la mwen yo

B. Kenòl ak Mina se pechè. Yo pran kannòt _____ pou y ale peche.

yo mwen an

Ch. Mirèy ap fè kap. Li achte fil _____ pou monte kap.

nan li mwen

Leson 82

4. Reponn kesyon yo sou liy kaye a.

A. Pou ki sa moun pa dwe ale sou lanmè lè gen move tan ?

B. Pou ki sa daprè ou malgre move tan Lwi ak Mako pa t abandone ?

Leson 83

1. Ekri yon fraz ki gen chak mo sa yo.

boukannen : _____

manti : _____

2. Nan lis mo anba yo, sèke tout sa ou ka *boukannen*.

mayi dlo patat lam solèy
 labapen fè

3. Itilize mo ki anba yo pou konplete ti tèks la. Ekri mo yo nan espas vid yo. Ekri yo nan lòd pou ti tèks la gen sans.

Yo li li

David sòti. _____ ale benyen nan lanmè ak zanmi _____. Yo retire mayo _____. Yo plonje nan lanmè a.

Leson 83

4. Reponn kesyon yo sou liy kaye a.

A. Èske nou panse Dòval se yon bon timoun ?
Pou ki sa ?

B. Pou ki sa li bon pou nou di laverite ?

Leson 84

1. Ekri yon fraz ki gen chak mo sa yo.

fènwa : _____

sezi : _____

2. Nan chak bwat, genyen yon gwoup mo. Chak gwoup mo sa yo se yon pati nan yon fraz. Ekri gwoup mo yo nan lòd pou fòmè fraz la. Sonje fraz la dwe gen sans.

nan fènwa.

renmen jwe

Widlin pa

3. Itilize mo ki anba yo pou konplete ti tèks la. Ekri mo yo nan espas vid yo. Ekri yo nan lòd pou ti tèks la gen sans.

chanm li Renant li

_____ ale wè Grann li. Li netwaye
 _____ li. Grann Renant kontan. _____
 bay Renant yon bèl jip pou fèt _____.

4. Reponn kesyon an sou liy kaye a.

Èske Matid te fè yon bon aksyon ? Pou ki sa ?

Leson 85

1. Sèke bon repons la.

A. Brital vle di :

dous, poze rès, di sovaj, bosal

B. Kannòt vle di :

pyèj ki fèt ak fisèl, ti bato anbwa,
gwo bato ki pote anpil moun

Ch. Manti vle di :

laverite, san limyè, koze ki pa laverite

2. Fè yon fraz ak chak mo sa yo.

foutbòl : _____

fanatik : _____

Leson 85

3. Itilize mo ki anba yo pou konplete ti tèks la. Ekri mo yo nan espas vid yo. Ekri yo nan lòd pou ti tèks la gen sans.

li foubòl li boul li Tina

_____ pral jwe _____. _____ ale nan magazen an. Li achte _____ li ak tenis _____. _____ se pi gwo jwè foubòl nan katye a.


Leson 86 revizyon

1. Jwenn mo ki mache ak chak definisyon. Pou chak repons ou jwenn, ekri mo a nan kaz pa li.

A. Abitan peyi Lend (Egzanp : Endyen)

B. Moun ki peye yon plas nan yon machin

Ch. Kote dlo soti nan tè a



2. Fè yon fraz ak chak mo sa yo.

pri : _____

bouk : _____

Leson 86 revizyon

3. Sèke mo ki kòrèk la pou ranplase mo *li* nan chak fraz. Apre sa, ekri fraz la ak mo ou chwazi a.

Modèl

Fraz :

Li ap jape nan lakou a

Pye kajou a, Chen

Sèke mo ki korèk : Pye kajou a **Chen an**

Ekri fraz la :

Chen an ap jape nan lakou a.

Leson 86 revizyon

3. Sèke mo ki kòrèk la pou ranplase mo *li* nan chak fraz. Apre sa, ekri fraz la ak mo ou chwazi a. (*kontinye*)

A. Li chante kokoriko chak maten.

Cheval la,

Kòk la,

Chat la

B. Li toujou pran ka moun.

Mis Jozyàn,

Pye zaboka a,

Tab la

Ch. Li chaje yon makout mango sou do cheval la.

Pye mango,

Ton Mako,

Ti bebe a

Leson 86 revizyon

4. **Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse** : Pou ki sa li enpòtan pou yon moun toujou fè byen ?

Blank writing area with horizontal lines for the answer.

Leson 87 revizyon

1. Ranje lèt ki an dezòd yo pou fòmè yon mo. Ekri mo a nan espas vid la.

Egzanp, b y i n o o u t : toubiyon

A. y k a : _____

B. k m t i o e : _____

Ch. s a n z è t : _____

2. Fè yon fraz ak chak mo sa yo.

dodin : _____

chofè : _____

3. Nan chak fraz, souliye gwoup ki gen detèminan posesif la.

A. Papa li pa gen gwo mwayen.

B. Pòl lave inifòm li.

Ch. Li pran liv li pou li etidye.

D. Li kenbe men tisè li pou travèse lari a.

Leson 88 revizyon

1. Fè yon fraz ak chak mo sa yo.

A. rekonsilyasyon

B. twonpèt

Ch. lizaj.

2. Chèche nan tèks la 2 fraz ki gen yon pwonon.
Ekri chak fraz sou liy kaye a.

Leson 88 revizyon

3. Itilize yon pwonon pou ranplase non moun yo. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

Jaklin achte yon kap. Woje achte fil pou monte kap la. Woje ak Jaklin monte kap la ansanm.

4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse : Pou ki sa li enpòtan pou yon moun pataje sa li konnen ak lòt yo ?


Leson 89 revizyon

1. Jwenn mo ki mache ak chak definisyon. Pou chak repons ou jwenn, ekri mo a nan kaz pa li.

A. Kote yo fabrike yon pwodui an kantite

B. Otorite leta ki chèf yon seksyon kominal

Ch. Moun ki konn ranje oubyen fè soulye



2. Nan chak bwat, genyen yon gwoup mo. Chak gwoup mo sa yo se yon pati nan yon fraz. Ekri gwoup mo yo nan lòd pou fòme fraz la. Sonje fraz la dwe gen sans.

Premye janvyè

peyi d Ayiti

se fèt endepandans.


Leson 90 revizyon

1. Chwazi youn nan mo ki nan malèt la pou konplete fraz la. Fraz la dwe gen sans.

A. Timoun yo leve _____ pou yo ale lekòl.

B. Jina fè yon bèl _____ an bwa.

Ch. Pino ap rann zanmi li yo _____.



2. Fè yon fraz ak chak mo sa yo.

seche : _____

glasi : _____

Leson 90 revizyon

3. Sèke bon repons la.

A. Zansèt nou te batay pou nou viv

ankachèt, lib, ak men mare

B. 18 Novanm se dat

Batay Vètyè, Fèt drapo,

Batay Endyèn ak Panyòl

Ch. Dat fèt drapo peyi d Ayiti se


22 mai, 15 mai, 18 mai

4. Reponn kesyon sa a sou liy kaye a.

Pou ki sa ou dwe respekte drapo peyi ou ?

Leson 91 revizyon

1. Nan machin nan gen 2 mo. Fè yon fraz ak chak mo yo. Fraz yo dwe gen sans.



2. Mete lèt nan lòd pou fòmè mo nou konnen.

p è j a s a : _____

z i k n i : _____

s o s u : _____

l n è t o : _____

Leson 91 revizyon

3. Reponn kesyon sou istwa a.

A. De kilès istwa a pale ?

B. Ki bò l ap viv ?

4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse : Pou ki sa li bon pou nou koute pawòl granmoun ?

Leson 92 revizyon

1. Fè yon flèch soti nan chak mo ki nan kolòn agoch (A) pou rive nan definisyon pa li nan kolòn adwat (B).

A	B
1. Pri •	• Sere yon moun nan bra ou pou salye li
2. Chofè •	• Valè kòb yon machandiz koute
3. Dosil	• Moun ki fè metye kondi machin
4. Akolad •	

2. Nan ti tèks anba a, ranplase Karèl ak yon pwonon.

Karèl se yon ti gason saj. Karèl salye moun byen. Karèl fè tout moun fyè de li.

_____ se yon ti gason saj.

_____ salye moun byen.

_____ fè tout moun fyè de li.

Leson 92 revizyon

3. Reponn kesyon sou istwa a.

A. De kilès istwa a pale ?


B. Pou ki sa tout moun nan zòn nan renmen Karèl ?

4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse : Èske ou ta renmen saj menm jan ak Karèl ? Pou ki sa ?

Leson 93 revizyon

1. Mete nan valiz la tout mo ki mache ak mo dosil.

saj malelve lizaj radi obeyisan



2. Souliye pwonon yo. Sèke detèminan posesif yo.

- A. Li ale lekòl.
 - B. Emili netwaye soulye li.
 - Ch. Li ap fè lekti.
 - D. Jaki bwose dan li chak jou.
 - E. Li ranje rad li nan pandri a.
-

Leson 93 revizyon

3. Reponn kesyon sou istwa a.

A. De kilès istwa a pale ?

B. Ki abitud li bay tèt li anvan li manje ak lè li soti nan twalèt ?

Ch. Ki sa Anayiz toujou tande ?

4. Li epi reponn kesyon an pou ou di sa ou panse : Ki sa ki ka rive yon moun ki pa respekte règ ijyèn yo ?

Leson 94 revizyon

1. Ki pèsonaj ou plis renmen nan istwa a ?

Pou ki sa ?

Handwriting practice lines consisting of solid top and bottom lines with a dashed middle line. There are five sets of these lines provided for writing.

2. Desine pèsonaj ou pi renmen.

Leson 95 revizyon

1. Reponn kesyon sa yo.

A. Ekri non twa pèsonaj ki nan istwa a.

B. Èske ou dako ak konsèy Pè Riche a ?

Pou ki sa ?



Liv sa a fèt epi li pibliye an kolaborasyon avèk Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) Gouvènman Ayisyen a, gras a yon èd ki soti nan ajans ameriken U.S. Agency for International Development (USAID), nan kad Aktivite Rechèch Aplike Tout Timoun Ap Li – ToTAL, dapre kontra No. EHC-E-00-0004-00 pwogram èd USAID ki rele EdData II Technical and Managerial Assistance.

Jiyè 2014